

BASA SULUK PEDHALANGANKI SUKRON SUWONDO ING PAGELARAN RINGGIT PURWA
(Tintingan Stilistika)

Ahmad Mugsan, Prof. Dr. Udjang Pairin, M. Pd
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
bttmugsan@gmail.com

Abstrak

Ki Sukron Suwondo minangka salah sawijine dhalang kang nduweni titikan kang mligi ing pagelarane. Saliyane kaendahan uga nengenake pesen kang bisa didudut saka pagelarane. Basa kang digunakake uga mligi mula panliti njupuk irah-irahan Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo ing Pagelaran Ringgit Purwa. Awit saka andharan ing ndhuwur bisa didudut undering panliten yaiku (1) Suluk apa wae kang digunakake Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran wayang?, (2) Kepriye lelewanning basa lan nile estetik kang tuwuhan sajrone panganggone basa sulukan pedhalangan Ki Sukron Suwondo?, (3)Apa wae makna lan nilai kang kinandhut ing sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron?

Dene tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Ngandharake basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran wayang., (2) Ngandharake basa suluk pedhalangan lan nile estetik kang tuwuhan sajrone panganggone suluk Ki Sukron Suwondo. (3) Njlentrehaake makna lan nilai kang kinandhut ing sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo.

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif kang gegayutan karo tintingan stilistika. Stilistika dipilih amarga stilistika ngrembag ngenani gaya bisa nggamarake komposisi kang dipilih pangripta sajrone ngandharake kedadeyan ana sajrone geguritan lan tembang, punjere bisa nggamarake gaya lan *kualitas* pangriptane.

Sumber data utamane yaiku video pagelaran Ki Sukron Suwondo kang banjur ditranskripsi. Dene data sajrone panliten iki yaiku *satuan linguistik* kang ana ing basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Data asil transkripsi banjur *diklarifikasi* kanthi wawancara, banjur *diklasifikasi* lan diandharake.

Saka data kang wis dipikolehi bisa dingerten yen Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo nggunakake suluk pakem lan suluk garapan. Dene lelewane basa kang digunakake yaiku majas, diksi, lan purwakanthi. Saliyane nduwe fungsi kanggo ngengringo swasana suluk uga ngandhut makna tartamtu. Makna kang ana sajrone suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku, makna religius, makna sosial, makna historis, lan makna dedaktis.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Seni yaiku samubarang kang diripta dening manungsa kang ngandhut nile kaendahan. Seni minangka sarana kanggo nggamarake rasa pangrasane manungsa kang disuntak sajrone reriptan seni. Mula anane seni ora bisa uwal saka anane cipta, rasa, lan karsa kang sinartan marang manungsa. Seni dhewe minangka ekspresi dhiri manungsa. Seni wis dadi kebutuhane manungsa. Yen kebutuhan marang seni ora bisa dicukupi batine manungsa bakal ngrasa goreh lan ngrasa luwe kaya dene wong kang durung mangan.

Wayang purwa salah sawijine kesenian kang ana ing tlatah Jawa. Wayang purwa kagolong seni drama kang ngandharake salah sawijine lakon, nanging paragane arupa wayang kang diobahake dening dhalang. Wayang digawe saka kulit sapi utawa kebo kang wujude saemper klawan manungsa. Wayang nduweni bentuk, werna, lan rupa-rupa kang nggamarake watak lan sipate manungsa. Dhalang kudu ngobahake lan nguripi wayang, saengga solah bawane memper kaya dene manungsa. Mula bisa didudut yen wayang minangka pralambang manungsa, ora kliru yen

wayang purwa kagolong seni kang tatarane wis dhuwur. Kaya kang diandharake dening Mulyono (1976:18) Wayang kulit purwa yaiku salah sawijine

reriptan seni rupa kang ekspresif-dekoratif-realistic kang ana ing tataran paling dhuwur.

Wayang dibabar lumantar basa kang diucapke dening dhalang. Basa kang diucapke dening dhalang diarani basa pedhalangan. Saliyane basa pedhalangan, pagelaran wayang uga disengkuyung nile hiburan, nile seni (seni drama, seni lukis, seni pahat, seni sastra, seni swara, seni krawitan, lan seni obah), nile pendhidhikan, nile kawruh, lan nile kajiwran (mistik) (Mulyono, 1976:15-17). Mula basa pedhalangan ora mung endah, nanging uga kebak piwulang.

Salah sawijine dhalang kang kereb mbabar lan ngandharake piwulang ing pagelarane yaiku Ki Sukron Suwondo. Ki Sukron Suwondo minangka salah sawijine dhalang kondhang asli saka Desa Sanan Kulon, Kutha Blitar. Ki Sukron kagolong dhalang kang nduweni lelewanning basa kang khas, saliyane iku saben-saben pagelarane disisipi ngelmu Islami. Ki Sukron Suwondo kereb migunakake pagelaran minangka sarana kanggo mbabar ilmu agama islam kang katon saka antawacana lan gendhing-gendhing kang digunakake. Anane nilai islami sajrone pagelarane ora oval saka latar belakange Ki Sukron Suwondo kang tau njabat minangka Wakil Ketua Lembaga Seni Budaya Muslim Indonesia (Lesbumi) naungane NU

Kabupaten Blitar. Mula lumrah yen kerep mbabar ilmu agama lumantar pagelaran wayange. Ki Sukron Suwondo aktif anggone nggiyarake ngelmu-ngelmu agama lumantar antawana, suluk, lan tembang-tebang kang ana pagelarane. Pethikan kitab suci Al-quran lan sholawat kereb digunakake minangka objek tembang kang digunakake dadi sarana dhakwah. Saengga pagelaran wayang Ki Sukron Suwondo ora mung ngandhut kaendahan nanging uga tuntunan. Piwulang-piwulang kababar lumantar basa kang ana sulukan lan antawacana utawa tindak turur paragane tanpa ngiwakake ceritane kang uga kebak piwulang.

Miturut struktur pagelarane wayang purwa nduweni maneka warna perangan, nanging ing panliten iki kang bakal dadi punjere panliten yaiku basa pedhalangan mligine perangan suluk. Basa suluk pedhalangan salah sawjine perangan kang wigati sajrone pagelaran wayang. Saliyane minangka tandha owah gingsire swasana pakeliran, suluk uga ngandhut tuntunan utawa ajaran tartamtu mula suluk perlu ditintingi lan dipilih minangka objek panliten. Luwihi mligi suluk kang bakal ditintingi yaiku basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Sulukan Ki Sukron Suwondo dipilih amarga nduweni titikan kang mligi. Saben-saben pagelaran mesti nggunakake suluk kang diripta dhewe. Suluk Ki Sukron Suwondo nduweni basa kang mirungan lan kebak piwulang utamane piwulang agami islam. Basa kang digunakake uga endah lan nduweni daya pangaribawa tumrap para pamiyarsa mula Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron dipilih minangka objek panliten.

Suluk salah sawijine wujud reriptan sastra. Mula tembung kang digunakake uga mligi. Tembung kang digunakake sajrone karya sastra diarani gaya basa utawa style. Style yaiku cara ngandharake bab kanthi cara tartamtu, saengga apa kang dadi tujuwane panulis bisa kagayuh kanthi sampurna (Ratna, 2013:3). Saben-saben panulis nduweni style kang beda-beda. Kanthi pamawas kaya mangkono panliten iki bakal nggunakake tintingan stilistika. Ancas saka tintingan stilistika yaiku ngandharake samubbarang kang umum ana sajroning donyane kasusastran, kanggo njlenrehake sesambungan ing antarane basa karo fungsi artistik lan maknane (Nurgiyantoro, 2007:279).

Stilistika minangka kawruh ngenani cara nggunakake basa. Kang sajrone andharane momot gaya utawa style. Mujudake sawijining bab kang nyinaoni lelewane basa dene style mujudake carita khas sajrone ngandharake sawijining bab saengga tujuwane bisa kababar. Stilistika bisa dimangerteni ilmu panganggone basa (Nurgiyantoro, 2007:279). Stilistika bisa dadi instrument kanggo mangerten ieriptan sastra kanthi luwihi apik. Trep tumrap panliten sastra kang nengenake perangan basa, saengga bisa ngerten style tartamtu kang diduwensi panulis. Sajrone panliten iki tintingan stilistika bakal dianggo ngonceki ngenani gaya basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Mula irah-irahan kang trep yaiku “Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo (Tintingan Stilistika)”.

Wewatesane Panliten

Wewatesane panliten digawe kanggo menehi cancer-cancer supaya panliten ora ngglambyar. Watesane panliten iki yaiku ngrembug lelewane basa sajrone basa pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Basa pedhalangan kang dimaksud yaiku sajrone suluk. Diwatesi suluk wae amarga suluk perangan sastra kang paling mirungan lan bisa nggamarake kawasian dhalang sasjrone olah basa. Supaya asile panliten bisa *objektif* lan bisa nggamarake *style* Ki Sukron Suwondo mula dhata bakal dijupuk saka saora-orane rong lakon. Kanggo nguwatke bakal dijupuk saka asile wawancara.

Kanggo njangkepi panliten, uga bakal dirembug ngenani daya pangaribawane tembung-tebung kang digunakake mbabar pesen utawa nile moral kang ana sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Kanthi ringkes bisa kanggo nggamarake konteks, makna, lan tujuwan (daya pangaribawa) panganggone tembung-tebung mau. Punjere bisa nggamarake *style* basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo.

Underane Panliten

Kanthal dhasar alesaning panliten kaya kang diandharake ing dhuwur, bakal dionceki sajroning panliten iki yaiku ngenani titikan gaya basa sajrone suluk Ki Sukron Suwondo. Mula masalah kang arep dirembug ana telu.

- (1) Suluk apa wae kang digunakake Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran wayang?
- (2) Kepriye lelewanning basa lan nile *estetik* kang tuwuhan sajrone panganggone basa sulukan pedhalangan Ki Sukron Suwondo ?
- (3) Apa wae makna lan nilai kang kinandhut ing sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron ?

Ancasing Panliten

Manut underan panliten kang diandharake ing ndhuwur, bisa dirumusake ancas utawa tujuwan saka panliten iki yaiku:

- (1) Ngandharake basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran wayang.
- (2) Ngandharake basa suluk pedhalangan lan nile *estetik* kang tuwuhan sajrone panganggone suluk Ki Sukron Suwondo.
- (3) Njlentrehake makna lan nilai kang kinandhut ing sajrone suluk basa sulukan pedhalangan Ki Sukron Suwondo.

Paedaha Panliten

Panliten iki perlu ditindakake amarga migunani lan nduweni paedah. Paedah sajrone panliten iki kaperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Paedah teoritis, panliten iki bisa menehi pambiyantu sajrone ngrambakake kawruh ngenani basa suluk pedhalangan, mligine basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo kanthi kajian stilistika. Asile panliten bisa ngerten kepriye style Ki Sukron Suwondo kanthi teoritis lan metodologis. Teoritis yaiku teori stilistika kang kadhapuk saka fonologi utawa dhongdhinge swara, sintaksis utawa struktur ukara kang digunakake, leksikal yaiku wiwit pamilie tembung utawa diksi, lan retorika kang kaperang dadi majas, citraan lan liyaliyan. Dene metodologis yaiku metodologi panliten skripsi.

Saliyane iku, asile panliten uga bisa digunakake kango mangerten salah sawijine budaya Jawa yaiku wayang purwa. Mligine perangan suluk kang digunakake minangka objek sajrone panliten.

Kanthy praktis, panliten iki bisa darbe paedah kango pedoman ing padinan sajrone nindakake urip bebrayan awit saka pesen kang kinandut sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Saliyane iku, uga bisa maedahi minangka sarana ajar basa lan sarana panggula wentah. Minangka paedah sarana ajar basa iku bisa didudut saka basa kango digunakake sajrone sulukan. Saka anane panganggone basa sajrone suluk bisa nambahi kawasisan ing babagan olah basa. Dene paedah sarana panggula wentah bisa didudut saka pesen kang ana sajrone basa suluk pedhalangan. Awit reriptan sastra iku saliyane nengenangake kaendahan olah basa nanging uga nengenake makna lan pesen kang kinandhut sajrone reriptan sastra kang nyoba diandharake lumantar reriptan sastra. Makna lan pesen kang kinandhut iku kang bisa digunakake minangka sarana panggula wentah.

Panjlentrehane Tetembungan

- (1) Basa pedhalangan: basa kango digunakake dhalang kango ngandharake crita sajrone pagelaran wayang.
- (2) Suluk : tembang kango ditembangake dhalang ing sajrone pagelaran wayang kango digunakake minangka sarana nggamarake swasana ing pakeliran.
- (3) Stilistika : Mujudake sawijining bab kango nyinaoni lelewane basa dene style mujudake carita khas sajrone ngandharake sawijining bab saengga tujuwane bisa kababar. Stilistika bisa dimangerten iilmu panganggone basa (Nuryantoro, 2007:279).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Basa Pedhalangan

Pagelaran wayang purwa kagolong pagelaran kang jangkep lan kebak seni. Kadhapuk maneka warna jinise seni kango njangkepi perangan siji lan sijine. Perangan kango paling mirunggan yaiku perangan basa kango digunakake dhalang anggone ngandharake crita. Basa kango digunakake dhalang uga diarani basa pedhalangan. Basa pedhalangan ngandhut nile sastra lan kaendahan kango mirunggan.

Basa pedhalangan kaperang dadi loro yaiku antawacana utawa dhialog wayang lan suluk utawa tembang kango ditembangke dening dhalang. Kekarone padha-padha ngandhut nile sastra utawa bisa diarani sastra pedhalangan.

Antawacana

Wayang purwa nduweni paraga kango akeh, nanging senajan paraga sajrone wayang iku akeh kango kudu nglakokake mung siji yaiku dhalang. Saben-saben wayang nduweni swara kango beda-beda. Mula saka kuwi dhalang kudu bisa ngerti lan nguwasani antawacana. Antawacana yaiku swara kango khas lan mligi tumrap saben-saben wayang (Supriyono, 2008: 4). Antawacana nduweni fungsi kango mbedakake antarane swara wayang siji lan sijine. Antawacana uga bisa ditegesi minangka tindak tutur paraga wayang.

Saben-saben dhalang nduweni garapan utawa sanggit kang beda-beda. Garapan dhalang kudu bisa enges (nges) yaiku kudu bisa nggamarake yen wayang-wayang kang diobahke pancen katon urip. Mula panggambaran swasana iku penting banget. Dhalang kudu bisa nggawa pamirsa mlebu ana sajrone panguripan wayang. Salah sawijine cara supaya garapan utawa sanggit dhalang bisa nges yaiku kanthy cara nguwasani antawacana. Antawacana kaperang dadi telu yaiku Janturan, ginem, lan pocapan.

Janturan

Sadurunge miwiti mbabar crita dhalang nggamarake pakeliran utawa latar crita kango bakal diandharake. Swasana lan kahanan ing pakeliran dijlentrehake kanthy basa kango endah. Panjlentrehan pakeliran iki minangka perangane antawacana kango diarani janturan. Hakekate janturan minangka salah sawijine pocapan dhalang kango nggamarake apa kango ana ing pakeliran (Supriyono, 2008:131).

Ginem

Ginem yaiku dialog antar paraga ing pagelaran wayang purwa Jawa (Supriyono, 2008:135). Ginem ing pagelaran wayang dianakake supaya pamiyarsa ngertenii kedadeyan apa kango lumaku ing pakeliran. Tuturan paraga wayang uga kango nggamarake yen wayang katon urip kaya dene manungsa, amarga wayang kango nglambangake menungsa ing panguripan.

Pocapan

Saliyane ngandharake janturan jejer uga kereb menehi jlentrehan ing para pamiyarsa kanthy cara narasi kango nggamarake kedadeyan ing salah sawijine panggonan utawa kedadeyan kango ditindakake paraga wayang utawa kedadeyan kango arep ditindakake paraga. Narasi iku mau kango dimaksud pocapan (paucap-an utawa pa-omong-an) (Supriyono, 2008:138). Biyasane pocapan diiringi utawa ditabuhi klawan iringen gamelan.

Suluk

Dhalang minangka punjer ing pagelaran wayang kudu nduweni maneka warna kawasian kang jangkep. Saliyane wasis anggone nindakake solah bawane wayang, dhalang uga kudu wasis ing perangan olah basa. Basa nduweni peran kango wigati ing pagelaran wayang purwa. Basa nemtokake sukses lan orane pagelaran. Saliyane olah basa kango ora kalah penting yaiku dhalang kudu bisa angon swasana. Dhalang kudu bisa nguripi lan nggamarake owah gingsire pakeliran kanthy patitis. Salah sawijine cara kango bisa ditindakake yaiku kanthy nggunakake suluk. Suluk yaiku tetembangan kango dilagokake dening dhalang sajrone pagelaran wayang kulit purwa.

Suluk kairing nada lan wirama tartamtu. Miturut Kodirun (1964:3) suluk yaiku rumpak kango endah kaiket dening alusing nada, wirama, lan purwakanti. Mula swara suluk endah lan kepenak yen dirungokake. Suluk minangka salah sawijine titikan kango mligi kango mbedakake antarane wayang lan pagelaran liyane. Perangan kaendahan salah sawijine perangan kango ditengenake, amarga suluk nduweni fungsi kango ngrenggo swasana.

Suluk minangka kawasian kang kudu diduweni dhalang, amarga suluk kang bisa mbedakake wayang klawan pagelaran liyane. Saliyane endah suluk uga bisa digunakake minangka sarana kanggo nggamarake owah gingsire kahanan pakeliran. Suluk nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap owah gingsire nada tabuhan lan kanggo mantebake swasana kang digambarake. Adhedhasar swasana kang digambarake Suluk kaperang dadi telu yaiku pathetan, sendhon, lan ada-ada.

Pathetan

Sajrone pagelaran drama ana maneka warna kahanan lan swasana tartamu. Semono uga ing pagelaran wayang uga ana maneka warna kahanan. Bedane ing pagelaran wayang owah-owahan swasana bakal kagambarake lumantar suluk. Salah sawijine jinis suluk yaiku pathetan. Pathetan digunakake kanggo nggamarake swasana kang tenang lan wibawa. Srambah sareh dilambangake klawan pathetan, gangsa kang katabuh yaiku : rebab, gender, gambang, suling, kenong, gong, lan kendhang (Kodirun, 1964:3).

Sendhon

Saliyane swasana sareh utawa tenang ana uga swasana susah. Sendhon kanggo srambah sareh lan singgetan susah (Kodirun, 1964:3). Sendhon minangka negesi kahanan kang lagi kedadeyan ana pakeliran, saengga pamiyarsa ngerten iku kahanan kang dirasakne dening paraga wayang. Piranti kang digunakake utawa ditabuh padha klawan gangsa kang ditabuh ing pathetan nanging tanpa rebab.

Ada-ada

Pagelaran wayang minangka pagelaran kang jangkep, sajrone pagelarane ana maneka warna kahanan. Ana kahanan sareh kang digambarake migunakake suluk pathetan, banjur ana swasana sareh lan singgetan susah kang diiringi klawan suluk sendhon. Saliyane iku ana uga kahanan serang. Kang dimaksud ing kene yaiku swasana tegang upamane kaya arep perang tandhing lan semangat. Swasana iku biyasane kairing klawan ada-ada. Ada-ada lumrahe ditabuhi gender, kedhang, kenong, lan gong.

Landhesan Teori

Pagelaran wayang iku minangka salah sawijining drama tradisional kang bisa ditintingi kanthi maneka warna cara. Salah sawijine yaiku migunakake ancanan stilistika. Ancangan stilistika sajrone panliten iku kanthi nengenake ing kukuban sastra.

Miturut Purwadi (sajrone Mulyono 1976:23) Wujud tulisan wayang kulit bisa diperang dadi dadi telung golongan, yaiku: cerita utawa lakon wayang wujud prosa, kakawin, lan tembang (suluk), bisa tuntunan pagelaran bisa uga kanggo wacan. Suluk ing kene bakal ditulis banjur ditintingi kanthi basa kang digunakake lumantar stilistika.

Karya sastra wujude ana telu yaiku gancaran, puisi, lan drama. Senajan suluk perangan saka wayang skang kagolong sastra drama nanging yen dianggep minangka karya kang ngadeg dhewe, mula suluk klebu jinis geguritan utawa puisi.

Lumantar stilistika kang objek utamane teks utawa wacana mligine guritan, bakal dioncek iku kanthi

basa kang digunakake, basa ing sajrone proses tapsiran (Ratna, 2013:16). Mujudake sawijining bab kang nyinaoni lelewane basa dene *style* mujudake carita khas sajrone ngandharake sawijining bab saengga tujuwane bisa kababar. Stilistika bisa dimangerten i ilmu panganggone basa (Nurgiyantoro, 2007:279). Kanthi stilistika kaajab bisa medhar wujud gaya basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo sajrone mbabar crita.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten ngenani leewaning basa utawa gaya basa sajrone karya sastra bisa digolongake minangka panliten kualitatif yaiku panliten iki nengenake pendalaman lan penghayatan sajrone karya sastra. Panliten kualitatif ora mratelake hipotesa, nanging mung ngandharake informasi kang ana selaras klawan variable kang diduweni (Mardalis, 2006:26). Panliten kualitatif dilakoni kanthi ora nengenake angka-angka nanging nengenake pendalaman penghayatan ing interaksi sawijine reng-rengan kang dijlentrehake kanthi empiris (Endraswara, 2011:5).

Kawwas saka segi konsep, titikane, lan lelandhesaning teori sajrone panliten iki kang ngandharake ngenani wujud lan makna kang kinadhut sajrone karya sastra, saliyane iku uga bakal diandharake ngenani daya pangaribawane tembung-tembung kang digunakake kang nuwuhake nile *estetik* lan piwulang apa wae kang bisa kadudut saka Basa Suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Panliten iki diandharake lumantar analisis leewaning basa (gayabahasa) lan analisis struktural. Dene pamarekan kang digunakake yaiku pamarekan stilistika.

Ing panliten iki karya sastra yaiku basasulukan Ki Sukron Suwondo ing LSK minangka karya kang mandiri. Bisa diarani yen panliten nggunakake analisis struktural, mula unsur instrinsik karya sastra kang bakal ditengenake ing panliten. Saka andharan ngenani karya iku kanti merdeka iku bisa kanggo sarana nemtokake gaya pangriptane.

Teknik kang bakal digunakake kanggo ngandharake panliten iki yaiku teknik stilistika. Pamarekan stilistika mujudake pamarekan kang bisa ndhudhah lelewane basa sajrone karya sastra (Endraswara, 2011:73). Panliten iki bakal dianalisis kanthi rong perangan. Kang kapisan, yaiku nganalisis basa sulukan pedhalangan ki sukron suwondo kanthi sistematis marang wujud panggunane leewaning basa lan ngandharake maksud lan makna leewaning basa mengkono mau. Kapindho, nganalisis unsure intrinsic lan piwulang apa wae kang dibabar lumantar sulukan..

Kanggo ngandharake isine nggunakake metode *deskriptif*. Metode *deskriptif* mujudake sawijining metode kang digunakake kanggo panliten adhedhasar kasuyatan sajrone kedadeyan saben para panutur, mula kang diasilake andharan (Aminudin, 1995:62). Kanthi ukara liya bisa diwastani yen panliten iki kagolong panliten *kualitatif deskritif*.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber data yaiku subjek sumber data iku ditemokake (Arikunto, 2002:129). Sumber data iku

wujude maneka warna. Arikunto merang sumber data dadi telu yaiku *person* utawa pawongan, *place* utawa panggonan, lan *paper* utawa simbol. Sumber data ing panliten iki yaiku rekaman video pagelaran wayang ki Sukron Suwondo Lan Ki Sukron Suwondo dhewe minangka narasumber. Mula sumber dhata saka panliten iki kagolong pawongan utawa *person*. Rekaman pagelaran Ki Sukron dhewe kaperang dadi 6 video. Saben-saben video nduweni durasi rata-rata sakjam punjul limang menit.

Data sajrone panliten iki yaiku satuan-satuan linguistik kang ana ing basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Data iku bakal dianalisis lan dijupuk kang ngandhut unsur-unsur stilistik. Saka pethikan-pethikan suluk iku kang digunakake minangka dhatane. Dhata iku mau kang bakal diandharake adhedhasar undering panliten yaiku lelewane basa, makna, lan piwulang kang bisa dijupuk saka basa sulukan kasebut.

Metode lan Teknik Panglumpukane Data

Metode panliten minangka tata cara kang bakal ditindakake sajrone panliten. Tata cara mujudake pangecakane metode panliten. Mugguhe metode lan teknik panliten ora ana, panliten ora bisa lumaku kanthi apik amarga data sing diasilake ora bisa kababar kanthi jero. Samono uga asile panliten ora bisa *maksimal* lan ora kaya kang dikarepake.

Mula saka kuwi tata cara pang lumpukane data nduweni daya pangaribawa kang gedhe sajrone panliten. Tata cara ngumpulake data mujudake perangan kang wigati nalika nglakoni panliten, amarga tujuwan kang utama sajrone panliten yaiku mikolehi data (Sugiyono, 2012:224). Ing kene datane diasilake migunakake teknik dokumentasi. Dokumentasi yaiku tata cara nggoleki data ngenani bab-bab utawa variabel kang arupa cathetan, buku, surat kabar, lsp (Arikunto, 2002:231). Dokomentasi ing kene yaiku kanthi nranskrip perangan suluk kang ana sajrone video kang wis dipikolehi kanthi cara diputer lan diambil-ambil. Dokumentasi kang digunakake yaiku cathetan lan rekaman. Cathetan digunakake kanggo nyathet nalika nranskrip. Minangka sarana njangkepi data kang wis diklumpukake lumantar video bakal dianakake wawancara marang Ki Sukron Suwondo. Sajrone wawancara iki dokumentasi arupa rekaman digunakake.

Data kang wis diasilake bakal dianalisis lan *diklasifikasi* migunakake teknik stilistika, yaiku digolongake adhedhasar wujud lelewane basa. Teknik stilistika dipilih amarga panliti ngumpulake data kang nyengkuyung kalawan teori-teori kang digunakake kanggo nganalisis wujud-wujude lelewanning basa sajrone suluk. Dene data ngenani makna lan tujuwan bakal diandharake adhedhasar asile wawancara.

Tata Cara Ngolah data

Data sajrone panliten iki arupa video. Mula data kang arupa video iku bakal ditranskripsi, yaiku ngowahi basa lisan dadi tulisan. Sawise data kang arupa tulisan bakal dianakake verifikasi. *Verifikasi* iki dianakake kanggo mastekake yen dhata kang dipikolehi wis pener sadurunge dianakake tahap panliten sateruse. *Verifikasi* ing kene ditindakake klawan wawancara klawan narasumber.

Data kang wis ana kudu diolah kanthi cara digolongake utawa *diklasifikasi*. Miturut Arikunto (2002:236) Tata cara kang dilakoni sajrone ngolah data yaiku milah lan milih sarta nintingi data. Milah-milih data ditindakake kanthi cara maca, maca ing kene migunakake teknik maca *hermeneutik*. Teknik maca *hermeneutik* mujudake teknik maca data adhedhasar kanthi diambil supaya mikolehi gegambaran data kang luwih cetha (Pradopo, 2005:268). Kanthi dianakake maca *hermeneutic* bisa ditafsirake datane. Teknik iki dipilih amarga salaras klawan panliten iki.

Dene nintingi ditindakake kanthi cara mangkene.

- (1) Nglumpukake data lan digolongake adhedhasar wujud lelewane basa.
- (2) Data kang wis digolongake banjur dianalisis miturut kategorine.
- (3) Sekabebe data dianalisis ngenani lelewane basa kang ditulis kanthi analisis informal. Analisis informal mujudake salah sawijine proses analisis data kang nggunakake tembung-tembung (Sudaryanto, 1993:144-145).
- (4) Data kang ana dicathet banjur diurutne laras kalawan undheraning panliten.

Tata Cara Penyajian Asil Analisis Data

Panliten iki kagolong panliten ilmiah, mula kudu ditulis migunakake pranata-pranata ilmiah uga. Panliten iki minangka tugas skripsi mula tata cara nulis asiling panliten ing kene ditulis kanthi sistematis skripsi. Dene tatacara penyajiane yaiku kanthi cara nyajiake analisis informal. Sudaryanto (1993: 144-145) ngandharake yen anggone nyuguhake data asil analisis ana loro, yaiku kanthi analisis formal lan informal. Analisis informal kang digunakake ing panliten iki yaiku data kang disajekake saka rumusan tembung-tembung biyasa utawa umum.

ASILING PANLITEN

1) Suluk kang Digunakake Ki Sukron

Ki Sukron Suwondo asale saka Blitar, salah sawijine kutha kang kebak klawan maneka warna kesenian lan kabudayaan Jawa, salah sawijine yaiku wayang ringgit purwa. Blitar kutha kang isih nguri-uri budaya Jawa, Blitar uga *produktif* nyethak seniman. Salah sawijine seniman kang isih eksis yaiku seniman wayang utamane dhalang. Dhalang saka Blitar akeh banget lan nduweni *style* kang beda-beda. Ki Sukron Suwondo salah sawijine dhalang kang nduweni *style* kang mligi beda klawan dhalang liyane.

Ki Sukron Suwondo mapan ing dhusun Karang Jati, desa Purworejo, kecamatan Sanan Kulon, Kabupaten Blitar. Bapak Suwondo mijil tanggal 2 Februari 1955 utawa suwidak taun kepungkur lair saka kulawarga dhalang. Kawasianan bab wayang Ki Suwondo utawa kang kondhang sinebut Ki Sukron Suwondo dipikolehi saka Ramane yaiku Bapak Sukemi kang uga dhalang. Wiwit cilik wis ajeg sinau ndhalang. Nalika kelas 6 SD Ki Suwondo wiwit mayang.

Miturut Ki Sukron Suwondo, mayang wis dadi *hobby* lan kesenengane wiwit cilik. Kesenengane iku

tuwu amarga kereb ngerti wayang lan krawitan. Miturut Ki Sukron Suwondo wiwit cilik ora nduwe kesenengan liya kejaba wayang lan krawitan. Senajan urip ing lingkungan seni, ora ndadekake Ki Sukron Suwondo nglirwakake babagan agamane. Senajan wiwit cilik wis gelut ing jagade pewayangan nanging Ki Suwondo tetep ngugemi lan nengenake agamane. Iki diduduhake saka pagelaran wayange kang kereb medhar ilmu agama Islam kang dianut dening Ki Sukron Suwondo.

Ki Sukron Suwondo uga kadhapuk dadi salah sawijine pengurus LESBUMI Kab. Blitar, yaiku lembaga kang madhahi kesenian naungane NU. Ki Sukron Suwondo aktif anggone nggiyarake ngelmanu ngelmanu agama lumantar antawana, suluk, lan tembang tembang kang ana pagelarane. Pethikan kitab suci Al-quran lan sholawat kereb digunakake minangka objek tembang kang digunakake dadi sarana dhakwah.

Kanthy style lan inovasi-inovasine sajrone pagelaran Ki Sukron Suwondo bisa eksis ing jagad pewayangan. Kaya kang wis dingerten yen ing jaman modern kaya saiki, kesenian tradisional wiwit dikiwakake. Kahanan kang kaya mengkono ndadekake inovasi dadi samubarang kang wajib dianakake kanggo njaga keeksisan. Mula Ki Sukron Suwondo nganakake maneka werna pembaharuan kaya ing lumakune lakon, tembang, lan suluk. Perangan suluk Ki Sukron ngripta tembang kang digunakake kanggo nyelingi suluk pakem ing pagelarane. Ancase supaya ora bosen lan tetep bisa eksis ing jagade pewayangan. Inovasi lan pembaharuan ing perangan suluk iki kang bakal digunakake lan diandharake ing panliten iki. Diajab kanthy anane panliten iki bisa nggamarake style suluk Ki Sukron Suwondo.

Suluk minangka salah sawijine kawasisan kang kudu diduweni dening dhalang. Suluk minangka sarana kanggo nggamarake kahanan utawa kedadeyan kang ana ing sajrone pakeliran. Suluk awujud tembang kang ditembangake dening dhalang kanggo nambahi endah lan regenge swasana. Suluk kaperang dadi telu yaiku pathethan, sendhon, lan ada-ada. Saben perangan nduweni fusi kang beda-beda. Pathethan kanggo mbedake utawa let saben-saben adegan ing pakeliran. Swasana kang nrenyuahake utawa sedhih bakal digambarake migunakake sendhon. Dene ada-ada digunakake kanggo nggamarake kahanan nesu utawa perang lan kahanan nggegirisi lan seru liyane.

Ki Sukron Suwondo salah sawijine dhalang kang nduweni titikan kang ana pagelarane. Saliyane anggone ngandharake crita kang unik Ki Sukron uga nduweni titikan kang khas ana ing suluke. Ki Sukron Suwondo arang ngambali nggunakake suluk kang padha ing sajrone pementasane. Saliyane iku Ki Sukron Suwondo uga nggunakake cakepan suluk kang diripta dhewe, saengga bisa mbedakake antarane basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo lan dhalang liyane.

Miturut Ki Sukron Suwondo suluk iku kaya dene kembang kang dipapanke aneng ngarep omah kang fungsine kanggo nambahi kaendahan lan asrine swasana. Fungsi tanduran mau ora beda klawan suluk kang uga nduweni fungsi kanggo nambahi endahe

swasana pagelaran. Suluk minangka sarana kanggo ngandharake ngenani gambaran kedadeyan kang ana ing pakeliran tumrap pamiyarsane.

Perangan iki bakal ngandharake ngenani suluk kang digunakake dening Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran wayange. Saben-saben dhalang nduweni gaya kang beda-beda anggone nyuluk. Semono uga Ki Sukron Suwondo kang nduweni gaya kang mligi. Ing perangan iki suluk kang digunakake Ki Sukron Suwondo diperang dadi loro yaiku pakem utawa kang wis ana lan garapan utawa carangan kang diripta dening Ki Sukron Suwondo dhewe. Saben-saben suluk nduweni fungsi kang beda, andharane kaya ing ngisor iki.

Suluk yaiku tembang kang ditembangake dening dhalang kanggo nggamarake pakeliran. Dene suluk pakem yaiku basa suluk pedhalangan kang dijupuk saka maneka werna karya tembang, serat, utawa kakawin kang wis ana lan lumrah digunakake dhalang minangka sulukan. Suluk kang digunakake Ki Sukron Suwondo sajrone pagelaran cacahe akeh. Saka asiling panliten bisa didudut ana 10 suluk pakem kang kereb digunakake. Suluk-suluk pakem kang digunakake yaiku:

(1) Suluk patet 6 jugag

Hanjrah ingkang pusrita rum
kasiliring samirana mrik,
sekar gadhung kongas gandanya
maweh raras renaming driya

(LD I, No.1 kaca 82)

'Penggambaran tentang bunga yang ada di dalam air. Bunga yang ada di dalam air mengeluarkan aroma yang wangi. Kewangian bunga tersebut dapat memberikan kenyamanan dan rasa tenram di hati.'

(2) Ada-ada jugag manjura

Tandy Bala pandawa
Byuk gumulung mangunsir,
Ring sata kurawa. (LD I, No. 2 Kaca :91)

'Menggambaran dari perang antara Pandawa dan Kurawa. Dalam tembang menggambarkan penyerangan yang dilakukan oleh Pandawa yang berusaha memukul mundur Kurawa. (Terjadinya pada saat perang Bratayudha)'

(3) Haryasena dak puruhi ta ring luhung

Karyuwang Durna ulatana
Tirta ingkang nyucekake
Marang sariranipun Wrekudara
Aweh wewadi mring negri bumi Ngamarta

Pamit kadang sepuh uga (LD 1, No. 11 Kaca : 94)

'Menceritakan tentang Haryasena yang mendapat perintah dari Guru Durna. Durna memerintahkan agar Werkudara mencari air yang dapat mensucikan. Werkudara menuruti semua kemauan dari sang guru dan berangkatlah Dia mencari air suci tersebut dengan member rahasia pada Negara Ngamarta serta pamit pada saudara tuanya.'

(4) Ada-ada greget saut wanawasa

Bumi Gonjang ganjing langit kelap-kelap katon
Lir kinjaning risang maweh gandrung
Sabbarang kadulu

- Wukir moyak-mayik saking tyas baliwur
 Lumarisa gandrung
 Duh sang ri sumitra
 Tanalyan paran reh
 Kabeh sining wana, nang sajeng maringsun
 (LD 1, No.6 Kaca 92)
'Bumi gonjang-ganjing dan langit menjadi hitam. Gambaran sang ksatria (Rama) yang sedang sakit hati karena cinta. Gunung menjadi bergoyang-goyang isinya. Begitu menyedihkan hati yang sedang patah ini adiku. Kemana engkau pergi (Sinta). Semua yang ada di hutan, segera bilang padaku. (menceritakan tentang sakit hati Rama yang kehilangan Sinta karena diculik Rahwana)'
- (5) Swaanulya dinugang
 Angganira sabit
 janggane sinauta pegat
 patine wil katak sini
 Maruta sutu aglis
 Nggayuh mendhuwur
 Langkung saking samudra
 Lampahnya sang bayu tanaya
 Wus prapteng suwila giri (LD 1, No. 7 Kaca 92)
'Tubuhnya ditendang, dihempassan tubuhnya itu hingga remuk dan samapilah kematian Kataksini. Kemudian Anoman melewati samudra stelah mengalahkan Kataksini. Begitulah perjalanan Anoman hingga akhirnya mencapai puncak gunung.'
- (6) Meksa ndadak melu-melu kaya budine wong ceplik
 Lali yen kalengkaningrat
 Ing bawana amur wani mustikaning jagad raya
 Demen lalen sangga runggi (LD 1, No.5 Kaca 92)
'Terpaksa ikut-ikutan seperti tingkah laku orang yang fakir. Lupa bahwa sebenarnya adalah golongan ningrat atau orang kaya. Terlalu mencintai duniawi, hingga akhirnya sering lupa dan membuat kesalahan akibat lalai dan terburu-buru dalam menjalankan tugasnya..'
- (7) Ulun caos atur
 Yen pinujuwing karsa mugi keparenga
 Keparenga kalilana nyekar
 Ing tepi kawurine beng gendhing mantranya
 (LD 1, No.10 Kaca 94)
'Saya akan mengutarakan pendapat saya. Bila memang diperbolehkan saya akan berbicara tentang usulan saya ini. Dengan nyanyian sebagai sarananya.'
- (8) Jumangkaha hangro sesumbar
 Lindu geter kang bumi gonjing
 Gumarudhuk Guntur kethuk
 Umub kang jalanidhi (LD 1, No.12 Kaca 94)
'Melangkah dengan sesumbar. Ucapannya menggetarkan bumi hingga terjadi gempa dan ketidak tenangan. Petir dan Guntur bersautan. Hingga laut menjadi mendidih.'
- (9) Ada-ada manyura
 Lir kartika panjer esok
 sumilak watana genggit
 kongas atine kusuma
 memayu raharjaning negri
- Grahitning dimen ngerti
 Pepadaningsih (LD 1, No.13 Kaca 94)
'Ketika usia masih muda. Semangat masa muda harusnya digunakan untuk mencari ilmu dan pengetahuan. Dengan ilmu dan pengetahuan akan membuka hati untuk ikut menyejahterakan Negara. Pikiran dan renungan supaya mengerti dan mendapat petunjuk.'
- (10) Mawut kang katrajang
 Ing dahana wadya
 Sanggap kaprangon prang
 Kang ngobro marang koto
 Kae nyata nggegrisir (LD 1, No.4 Kaca 83)
'Semua yang ada di depanya akan diterjang. Di dalam medan perang, seperti api menyambang disana-sini, membakar semua yang menghalangi. Api itu sangat menakutkan.'
- Suluk Garapan**
 Suluk garapan yaiku suluk kang diripta dening dhalang, ing panliten iki yaiku kang diripta dening Ki Sukron Suwondo. Suluk kang diripta dening ki Sukron dhewe sejatine akeh, ning kang kereb digunakake cacahé ana patang pupuh. Wujude tembang kang didadekakesuluk mau yaiku diwujudake tembang pangkur. Suluk kang arupa tembang pangkur mau diwenehiirah-irahan tembang pangkur Legenda Syeih Siti Jenar. Cundhuk klawan irah-irahane tembang iku nggamarake ngenani cerita wali sanga bab Syeih Siti Jenar. Kanthi anane suluk iki dhalang Sukron kepengin menehi werna kang beda tumrap pagelarane kanthi cara migunakake suluk kang beda klawan dhalang liyane. Saliyane kanggo pambeda uga kanggo sarana nglestarikake lan mbabar crita syeih siti jenar.
- Cerita Syeih Siti jenar dipilih amarga isih jarang pangripta utawa seniman kang nyritakake ngenani Syeih Siti Jenar. Sastra iku wujud saka penggambaran pengalaman pangriptane, semono uga suluk Legenda Syeih Siti Jenar kang diripta deni Ki Sukron Suwondo. Miturut Ki Sukron Suwondo, suluk kang diwujudake ing tembang macapat pangkur ana amarga pengalaman Ki Sukron Suwondo nalika lunga menyang kutha. Nalika ana tengahing kutha Ki Sukron Suwondo nemoni buku kanthi irah-irahan Syeih Siti Jenar. Sawise ngerti buku iku banjur tuwu pitakonan ngenani Syeih Siti Jenar Sejatiné.
- Sawise ngerti banjur disuntak sajrone suluk paedhalangan. Suluk kang wujude tembang pangkur diwenehi irah-irahan legendha syeih Siti Jenar. Tembang mau diwiwiti saka crita kanjeng Sunan Bonang kangarep medhar ilmu ghaib marang Raden Said. Anggone medhar ana ing tengahing telaga unine Pupuh sepisan mau kaya mangkene:
- (11) Nguni kanjeng sunan bonang
 arsa mejang sarining ilmu ghaib
 mring Raden Said rumuhun .
 aneng tengahing tlaga
 parandene wurung rah pamejangipun.
 palwa rengat lebdeng aya
 wasana sinetang minggir (LD 2, No.1 Kaca 96)
'Pada jaman dahulu Sunan Bonang ingin menurunkan tentang ilmu ghaib kepada Raden Said.'

Ilmu itu tidak boleh di dengar oleh siapa pun termasuk hewan dan tanaman. Begitu rahasianya membuat pemberian ilmu itu dilakukan di tengah telaga menumpang sebuah perahu. Saat di tengah telaga terjadi kebocoran pada perahu yang ditumpangi. Perahu mulai terisi air sehingga perahu diarahkan ke tepian lagi.'

- (12) Raden Said gya tumandang
 Mung lempung bang ingkang kinarya matri
 Jeng sunan Ibrahim makdum,
 Myat cacing jro lempung bang ya kapundhut,
 Ginunturan mantram luhur,
 Cacing ruwat dadi umat.

Ali Hasan akekasih (LD 2, No.2 Kaca 96)

'Raden Said segera melaksanakan tugas untuk menambal prahu yang akan digunakan untuk membabarkan ilmu. Dengan tanah merah Raden Said mencoba untuk menanmbalnya. Dalam tanah itu ternyata terdapat cacing yang tidak lain adalah Ali Hasan. Kemudian cacing itu diambil dan ditolong. Setelah diberi mantra suci akhirnya dapat kembali menjadi Ali Hasan.'

- (13) Putra sri cirebon girang
 Purwanira kesiku dadi cacing
 Bramantyaning ramanipun
 Daredah bab panembah
 Sunan bonang weh pamrayoga yen saguh
 Ngajiya mrih lebeng jiwa
 Mring bagdad punjer agami (LD 2, No.3 Kaca 97)

'Diceritakan tentang asal usul Ali Hasan. diceritakan bahawa Ali Hasan merupakan putra dari Adipati Cirebon Girang. Ali Hasan merupakan ahli waris keluarga. Ali Hasan dianggap sebagai calon pewaris tahta keluarga, namun malah menjadi anak yang nakal. Selain itu Dia juga tidak mau mempercayai tentang agama yang dianut oleh keluarganya. Perbedaan pandangan tentang agama itu menjadikan dredah atau perselisihan antara Ali Hasan dengan ayahnya yang bernama Resi Bungsu. Akhirnya karena dianggap keterlaluan Sang Resi benar-benar marah hingga mengubah Ali Hasan menjadi cacing. Setelah mendapat pertolongan dari Sunan Bonang Ali Hasan kembali menjadi manusia. Sunan Bonang juga menganjurkan agar Ali Hasan belajar agama islam dibaghdad agar menjadi orang yang lebih baik.'

- (14) Ali hasan ganti aran
 Siti jenar sunan bonang peparing
 Wus nong bagdad ngajinipun
 Tasawuh trus makrifat
 Siti jenar kaweruh hakekat wis lulus
 Trus mulih neng tanah jawa
 Siti jenar padha wali (LD 2, No.4 Kaca 97)

'Ali Hasan berganti nama menjadi Siti Jenar. Siti Jenar itu nama yang diberikan oleh Sunan Bonang. Ali Hasan mengajari hingga ke Bagdad. Dia mengajari tentang ilmu tasawuf, makrifat, hingga hakekat hingga lulus. Setelah lulus dan menyelesaikan pendidikannya di Bagdad Siti Jenar kembali ke Jawa.

Dengan ilmu yang dimiliki Siti Jenar sejajar dengan wali.'

Lelewane Basal an Nile Estetik kang dituwuhake

Stilistika mujudake ilmu kang nyinaoni ngenani panganggone lelewane basa tartamtu. Panganggone lelewane basa bisa nuwuahake kahanan tartamtu kang dikarepake dening pangripta. Kanthi panganggone lelewane basa, bakal tuwuh kahanan kang mligi saengga bisa nggamarake style pangripta. Panganggone lelewane basa kalebu aspek retoris. Aspek retoris dhewe ora winates panganggone lelewane basa, nanging uga ngenani pangago lan kawruh ngenani basa, lan kawruh ngenani objek kang bakal diandharake.

Basa suluk pedhalangan salah sawijine reriptan kang wujude tembang. Basa sing digunakake nggunakake aturan tartamtu, saliyane iku uga nggunakake basa rinangga kang nengenake estetik. Basa suluk Ki Sukron Suwondo saliyane nggunakake lelewane basa nanging uga ngandhut pesen tartamtu. Mula basa suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo saliyane indah uga kebak piwulang. Basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo nduweni basa kang khas, saliyane nile estetis uga bisa makili apa kang bakal diandharake. Mligine basa suluk pedhalangan kudu bisa nggamarake kedadeyan kang ana ing pakeliran. Lelewaning basa kang bakal diandharake ing kene yaiku majas lan purwakanthi. Kanggo njangkepi bakal diandharakengenani nile estetik kang tuwuh lan ancas panganggone lelewane basa.

Majas

Lelewane basa kang sepisan yaiku majas. Majas salah sawijine wujud lelewane basa kang nengenake perangan makna. Panganggone majas bisa ndayani lan nambahi kaendahan. Saliyane iku panganggone majas bisa menehi pangaribawa tertamtu lumantar tembung kang digunakake. Tembung-tembung kang digunakake kanthi cara tartamtu bisa nuwuahake makna kang ndayani tumrap reriptan sastra. Majas dhewe kaperang dadi papat yaiku majas pambanding, majas pertantangan, majas penegasan, lan majas pasemon. Kang bisa ditemokake sajrone basa suluk pedhalangan mung sajenis wae yaiku majas penegasan.

Klimaks

Klimaks yaiku salah sawijine majas penegasan kang ngandharake samubarang kanthi cara diwiwiti saka perangan kang kurang wigati tumuju perangan inti utawa luwih wigati. Klimaks nyoba ngandharake perangan adhedhasar makana kang diduweni. Perangan kang maknane kurang wigati diandharake luwih dhisik banjur perangan kang luwih wigati manggon mburine. Cethane kaya kang ditemokake ana ing basa suluk pedhalangan ing ngisor iki.

- (15) Myat cacing jro lempung bang ya kapundhut,
 Ginunturan mantram luhur
 Cacing ruwat dadi umat

Ali Hasan akekasih
 (LD 2, No.2 L4-7 :Kaca 96)

'Cacing dalam tanah merah diambil. Cacing itu ditolong oleh Sunan Bonang disucikan dengan doa

dan mantra luhur. Setelah mendapat pertolongan cacing itu berubah kembali menjadi umat. Cacing itu menjadi yang terkasih Ali Hasan. Ini yang menunjukan bahwa petikan di atas mengandung majas penegesan klimaks yakni idhe pokonya ada diakhir.'

Sinekdhone

Sinekdhone yaiku lelewane basa kang nggunakake tembung wilangan siji lan kanggo nggambarake perangan liyane. Ringkese sinekdhone nyebutke wilangan tartamtu kanggo nglambangke perangan liyane. Sinekdhone kaperang dadi loro yaiku sinekdhone pars prototo lan sinekdhone totem pro parte.

Sinekdhone pars prototo yaiku nyebutake saperangan nanging sejatine kanggo makili sekabehane. Ringkese, panganggone Sinekdhone pars prototo mung nyebutake saperangan, nanging kang dimaksud kanggo sekabehane. Sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo ditemokake sinekdhone pars proto yaiku ana ing ukara ngisor iki.:

(16) Tasawuh trus makrifat

Siti jenar kaweruh hakekat wis lulus

(LD 2, No.3 L4-5:Kaca 97)

'menyebutkan ilmu yang telah dikuasai oleh Siti Jenar yakni Tasawuf, makrifat, dan Hakekat. Meskipun menyebutkan tiga hal iyu saja namun sebenarnya sudah mencakup semua pemahaman tentang agama termasuk syariat di dalamnya. Sinekdhone yang terdapat pada petikan merupakan sinekdhone pars proto yakni menyebutkan sebagian namun yang dimaksud adalah semuanya.'

Purwakanthi Guru Sastra yaiku purwakanthi kang lelandhesane adhedhasar wewaton sastra, yaiku ukara kang dirakit migunakake tembung-tembung kang aksarane memper banjur karakit saengga nuwuhake kaendahan. Purwakanthi Guru Sastra kang ditemokakake ing basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku:

(17) Nguni kanjeng sunan bonang

(LD 1, No.1 L1:Kaca 96)

'Dulu Kanjeng Sunan Bonang'

(18) Arsa mejang sarining ilmu ghaib

Mring raden Said rumuhun

(LD 1, No.1 L2-3:Kaca 96)

'Sunan Bonang akan menurunkan ilmu ghaib.

Kepada Raden Said'

Saka pupuh siji basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo bisa ditemokake Purwakanthi Guru Sastra kaya ing ndhuwur. Kang sepisan yaiku kang ana ing (19) yaiku **Muni kanjeng sunan bonang**, ukara iku nggunakake sastra **n** kanggo nambahi kaendahan ing sajrone tembang pangkur kang digunakake minangka basa suluk pedhalangane. Saliyane iku uga ana ukara ing (20) **mring raden Said rumuhun** kang nunggal sastra **r** kanggo nuwuhake kaendahan. Anane nunggal sastra ing ndhuwur bisa nggampangake pangucapane lan menehi panegesan tartamtu marang bab kang diandharake. Pungkasane panganggone Purwakanthi bisa nuwuhake kaendahan.

Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi Guru Swara yaiku Purwakanthi kang adhedhasar swara kang padha diambil ana ing tembung utawa gatra sawise. Ringkese Purwakanthi Guru Swara yaiku panganggone tembung-tembung kang nunggal swara digandheng ana mburine. Panganggone Purwakanthi Guru Swara bisa nuwuhake kaendahan saka swara kang padha iku mau. Purwakanthi Guru Swara kang bisa ditemokake ing basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku:

(19) Myat cacing jro lempung bang ya kapundhut,

Ginunturan mantram luhur,

Cacing ruwat dadi umat.

(LD 2, No.2 L4-6:Kaca 96)

'Cacing dalam tanah merah diambil. Cacing tersebut diberi mantra dan disucikan. Setelah disucikan cacng itu berubah menjadi manusia kembali.'

Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane nunggal swara u lan a. sajrone ukara **Ginunturan mantram luhur**, nunggal aksara **u**. nunggal aksara **u** nambahi endahe tembang pangkur nalika ditembangake. Aksara **u** bisa nambahi nile estetike tembang.

Tembung garba

Tembung garba yaiku tembung kang kedadeyan saka rong tembung utawa luwih banjur dadi tembung anyar. Tembung Garba sajrone tembang biyasane digunakake kanggo manut paugerane tembang. Tembung garba kang digunakake Ki Sukron antarane yaiku:

(20) Aneng

Tembang macapat salah sawijine wujud reriptan sastra kang mirungan. Saliyane isine kang nnduwени nile kang adiluhung, nile estetik kang tuwuhanit diksi-diksi kang digunakake uga menehi pangaribawa kang gedhe. Salah sawijine yaiku panganggone tembung garba.

Abreviasi

Abreviasi salah sawijine proses morfologis arupa panyudane perangan leksem utawa gabungane leksem saengga nuwuhake wujud anyar kang kagolong tembung. Anane abreviasi ora ngowahi teges kang diduweni, antarane sadurung lan sawise abreviasi tegese padha. Abreviasi njalari tembung bisa diwakili saperangan leksem, senajan mung saperangan nanging fungsine padha klawan tembung. Sajrone reriptan sastra abreviasi digunakake minangka sarana kanggo nambahi kaendahan. Wujude tembung kang owah dadi luwih ringkes ndadekake tembung mau dadi luwih endah lan gampang diucapake. Abreviasi kang ana sajrone basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku:

Tembung kang owah amarga abreviasi sajrone reriptan sastra biyasane digunakake kanggo manut paugerane tembang. Kaya kang wis dingerten yen basa suluk pedhalangan Ki Sukron awujud tembung macapat, saengga panganggone tembung winates paugeran tartamtu. Kang ditemokake kanggo ngandharake tembang kang trep klawan paugeran tembang yaiku abreviasi yaiku panyuadane tembung. Abreviasi kang sepisanan ditemokake yaiku

(21) Kanjeng

Wali dianggep wong kang luhur utawa nduweni drajat kang luwih dhuwur tunimbang wong biyasa. Mula parawali iku dihormati dening masyarakat. Wali dianggep kekasihe Gusti, kanga pa wae panjaluke bisa keturutan. Mula wali oleh gelar kanjeng. Kereb tembung kanjeng ditulis utawa diucapake kanthi tembung jeng. Kaya Tembung **jeng** kang kacethak kandel ing ndhuwur. Tembung **jeng** salah sawijine abreviasi kang digunakake sajrone Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo. Tembung **jeng** iku abreviasi saka tembung kanjeng kang nduweni teges wong kang diajeni. Tembung kanjeng diabreviasi dadi tembung jeng amarga winates guru wilangan. Senajan tembung **kanjeng** diabreviasi dadi **jeng** nanging tegese ora owah. Panganggone tembung jeng bisa ngandharake maksud lan trep marang paugeran tembang.

Makna lan Pesen Basa Sulukan Ki Sukron Suwondo

Saben-saben rerpitan sastra mesti nduweni makna lan pesen kang kinandhut sajrone tembung-tembung kang digunakake. Makna lan pesen iku minangka wosing rerpitan sastra, saliyane kaendahan kang diasilake. Semono uga Basa Sulukan Ki Sukron Suwondo uga nduweni makna lan pesen tartamtu, makna lan pesen kang bisa ditemokake yaiku makna religius, makna sosial, makna sopan santun, lan makna historis.

Makna Religius

Makna religius yaiku makna kang raket gegayutane klawan kapitayan marang Gusti. Perangan iki bakal ngandharake makna religius kang ditemokake ing Basa Suluk Pedhalang Ki Sukron Sukron Suwondo. Kaya kang wis dingerten yen rerpitan sastra iku salah sawijine cara kanggo nggambaraké apa kang dingertené pangriptane. Ki Sukron Suwondo dhewe minangka dhalang kang nduweni *background* agama kang kuwat mula ora mokal yen saben karyane ngandhut makna religius utamane ing tembang pangkur legendha Syeh Siti Jenarkang digunakake kanggo ngganteni basa suluk pedhalangane. Makna religius sepisanan kang bisa ditemokake yaiku dayane donga wong kang nduweni ngelmu lan cedhak klawan Gustine, iku kadudut saka pethikan ing ngisor iki.

(22) Jeng Sunan Ibrahim makdum,
Myat cacing jro lempung bang ya kapundhut,
Ginunturan mantram luhur,
Cacing ruwat dadi umat.
Ali Hasan akekasih (LD 2: Kaca 96)

'Petikan di atas menggambarkan adanya makna religius yang terdapat pada suluk Ki Sukron Suwondo. Nilai religius itu terdapat pada keikhlasan seseorang dalam berdoa yakni Sunan Ibrahim Makdum. Sunan Ibrahim Makdum atau Sunan Bonang dengan ikhlas berdoa dengan niat menolong cacing yang sebenarnya adalah Ali Hasan. keikhlasan dalam berdoa dengan niat membantu sesama inilah yang membuat doa seseorang terkabul.'

Makna Sosial

Saliyane gegayutan klawan Gusti manungsa uga magepokan klawan manungsa liyane. Sastra kang

minangka asile cipta, rasa, lan karsane manungsa, saliyane ngrembag babagan Gusti utawa Religi, sastra uga ngrembag ngenani sosial. Sastra dhewe katujokake kango masyarakat, mula ora mokal yen nduweni makna sosial. Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo uga ngandhut makna sosial. Makna sosial kang bisa ditemokake yaiku kaya kaya ana ing pethikan ing ngisor iki:

(23) Jeng sunan Ibrahim makdum,
Myat cacing jro lempung bang ya kapundhut,
Kinunturan mantram luhur,
Cacing ruwat dadi umat. (LD 2: Kaca 96)

'Petikan di atas menggambarkan adanya makna sosial yang terdapat pada suluk Ki Sukron Suwondo. Makna sosial itu terdapat pada contoh perbuatan yang dilakukan oleh Sunan Bonang yakni saling tolong menolong dengan sesama. Disitu mengajarkan kita agar saling tolong menolong.'

Pethikan ing ndhuwur nyritakake nalika Sunan Bonang lan Raden Said nemu cacing. Cacing iku ditemokake nambal prau nggunakake lempung abang. Jebul cacing iku ora liya yaiku Ali Hasan. Ali Hasan kang kena Bramantyaning Ramane banjur ditulung. Ali Hasan diruwat lan bisa malih dadi manungsa maneh. Saka crita iku bisa didudut anane makna sosial yaiku tulung-tinulung. Pangripta nyoba ngandharake yen padha manungsane kudu tulung-tinulung senajan iku ora kenal sapa kang ditulung kanthi ikhlas.

Sastré iku ngemot gagasan lan pamikire pangriptane. Sastra bisa digunakake sarana kanggo mbabar lan ngandharake samubarang tartamtu. Sajrone Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron ditemokake makna historis yaiku makna kang isine ngemot ngenani crita kang wis kapungkur. Makna Historis ing basa suluk pedhalangan Ki sukron Suwondo yaiku legendha Syeh Siti Jenar. crita ngenani Syeh Siti Jenar iku bisa dingertené saka pupuh tembang kang digunakake minangka Basa Suluk Pedhalangan ing ngisor iki:

(24) Muni kanjeng sunan bonang
arsa mejang sarining ilmu ghaib
mring raden Saidd rumuhun
aneng tengahing tlaga
parandene wurung rah pamejangipun.
palwa rengat lebdeng aya
wasana sinartan minggir (LD 2: Kaca 96)

Crita kawiwitè nalika Sunan Bonang arep mbabar ngelmu agama marang Raden Said. Ilmu iku ora kena dirungokake sapa wae mula anggone mbabar ana tengahing tlaga. Sawise ing tengah tlaga jebul prau kang digunakake bocor. Senajan durung rampung anggone mbabar ngelmu, kekarone banjur minggir.

Saben sastra nduweni maneka warna tujuwan kang kepengin diandharake dening pangripta tumrap konsumene. Sastra digunakake minangka sarana panggula wentah saengga sastra nduweni makna pendhidhikan. Makna pendhidhikan yaiku upaya kanggo menehi pamrayoga tumrap panguripane

manungsa ing basa suluk pedhalangan iki kang ditemokake yaiku :

Makna pendhidhikan kang sepisanan yauiku anak kudu bekti marang wong tuwa. Anaka bekti marang wong tuwa iku digambarake kanthi Ali Hasan minangka tuladhane. Ali Hasan kang kumawani marang wong tuwane nemoni kahanan kang ora ngenakake yaiku dheweke disotake dadi cacing dening Ramane. Senajan anak iku bener lan wong tuwa sing kliru, anak kudu panggah ngajeni wong tuwane lan ngelingake wong tuwa kanthi unggah-ungguh lan sopan santun kang trep.

Makna pendhidhikan liyane yaiku murid kudu bekti marang gurune. Suluk iku nggamarake murid kang taat marang prenahe gurune yaiku Sunan Kalijaga lan Ali Hasan aliyas Siti Jenar. Kekarone minangka murid kang bekti marang dwijane, mula sekabehane prentahe gurune ditindakake kanthi rasa kurmat pungkasane kekarone bisa nemoni kamulyan. Kekarone dianggep minangka Wali ing tanah Jawa.

Saliyane iku uga ana makna pendhidhikan kang dikandhut Basa Pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku sinau tan ana pedhote. Ali Hasan salah sawijine murid wali yaiku Sunan Bonang. Ali Hasan wis dianggep bisa marisi sekabehane ilmu Sunan Bonang. Ali Hasan banjur nerusake sinaune ing Bagdad. Sawise lulus Ali Hasan bali menyang pulo Jawa, amarga ilmune wis madhan-madhani wali mula dheweke dianggep padha klawan wali. Ing kene nuduhake yen wong urip iku ora kena mandheg anggone sinau supaya bisa ngagyuh kamulyan.

PANUTUP

Dudutan

Sekabehane tatacara panliten lan andharan ngenani basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo wis rampung ditindakake. Saka asile andharan bisa ditemokake maneka warna dudutan.Dudutan ngenani suluk kang digunakake, lelewane basa, lan makna kang ditemokake sajrone basa suluk pedhalangan kang digunakake Ki Sukron Suwondo.

Basa suluk pedhalangan kang digunakake Ki Sukron Suwondo yaiku ana loro yaiku pakem lan garapan. Pakem yaiku basa suluk kang sumbere saka tembang kang wis lumrah digunakake minangka basa sulukan. Dene garapan kang digunakake yaiku tembang macapat Pangkur kanthi irah-irahan Legendha Syeh Siti Jenar.Tembang pangkur Legendha Syeh Siti Jenarkadhapuk saka patang pupuh kang nyritakake ngenani Syeh Siti Jenar wiwit asal-usul nganti dheweke dadi Syeh.

Lelewane basa kang ditemokake sajrone basa suluk pedhalangan Ki Sukron Suwondo ana telu yaiku majas, dixi, lan purwakanthi.Lelewane basa kang ditemokake nduweni daya pangaribawa menehi kaendahan nalika ditembangake.Saliyane nambahai kaendahan uga kango njangkepi paugeran tembang, amarga suluk kang wujude tembang macapat kaiket dening paugeran tartamtu.

Majas kang ditemokake yaiku majas penegasan yaiku klimaks lan sinekdhone. Dene purwakanthi kang

ditemokake ana loro yaiku purwakanthi guru sastra lan purwakanthi guru swara. Saliyane majas lan purwakanthi ing Basa Suluk Pedhalangan Ki Sukron Suwondo uga nggunakake tembung-tembung mligi utawa bisa diksi. Diksi sajrone Basa Suluk Pedhalangan nduweni daya pangaribawa kang gedhe amarga saliyane nuwuhake kaendahan uga bisa menehi maneka warna makna tartamtu. Makna kang ditemokake sajrone Basa Pedhalangan Ki Sukron Suwondo yaiku makna religius, makna sosial, makna historis, lan pendhidhikan. Makna iku bisa dipikolehi saka dalam uripe Syeh Siti Jenar kang disuntak ana sajrone tembang kang digunakake minangka basa sulukan.Saka anane basa sulukan bisa didudut maneka warna ilmu saengga manungsa bisa oleh piwulangan kanggo urip kang luwih apik.

Pamrayoga

Panliten ngenani basa sulukan sajrone pagelaran wayang isih durung akeh.Mula kanthi anane panliten ing dhuwur bisa nambahi pirembagan ngenani basa suluk pedhalangan saengga bisa luwih jembar. Saliyane iku uga bisa nambahi kasanhah sastra lan budaya Jawa saengga besuk bisa luwih maju ing tembe mburi. Budaya lan kesenian mligine basa suluk pedhalangan bisa lestari lan bisa digubakake minangka pandam padoming urip.

Panulis ngrumangsani yen saben-saben apa kang digawe dening manungsa ora ana kang sampurna ora kejaba panliten ing ndhuwur. Mula saka kuwi panulis tansah ngantu-antu pamrayoga pamaos sedaya.Menawa ana kaluputan kang luput saka pangwasing panulis.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1995. *Stistik Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press
- Arikunto, Suahsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek Edisi Revisi V*. Jakarta: Rineka Cipta
- BA, Kodirun. 1964. *Tuntunan Sulukan Pedalangan Djangkep*. Surakarta. Trijasa
- Djajasudarma, T, Fatimah. 2013. *Semantik 2 Makna leksikal lan Makna Gramatikal*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Pembelajaran Drama Apresiasi, Ekspresi, dan Pengkajian*. Yogyakarta. PT Buku Seru.
- Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Mardalis, 2004. Metode Penelitian (Suatu Pendekatan Proposal). Jakarta: Bumi Aksara
- Mulyono, sri. 1976. *Wayang dan Karakter Manusia*. Jakarta: PT Gunung SAgung
- Noth, Winfried. 2006. *Hand Book of semiotics*. Bloomington and Indiana polis. Indiana Polos University press
- Nurgiyantoro,Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*.Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

- Padmoesoekotjo.1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta: Panitya Bahasa Djawa
- Padmoesoekotjo.1986.*Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta : Hien Hoo Sing
- Pradopo, Rahmad Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*,Yogyakarta:Pustaka Pelajar
- Sudaryanto.1993. *Metodedan Aneka Tekhnik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University
- Supriyono, dkk. 2008. *Pedalangan*.J akarta: Direktorat Pembinaan Sekolah Menengah Kejuruan
- Sudjiman, Panuti.1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama
- Teew.A.1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta :Pustaka Jaya
- Waluyo, Herman J. 1987. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: YayasanArus
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta :Gramedia